

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Unggal panalungtikan, tangtuna ngagunakeun pamarekan jeung métode. Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nya éta pamarekan anu nyoko kana usaha sangkan meunangkeun data ku cara neuleuman jeung maham kana kekecapan, boh sacara lisan atawa tulisan. Anapon hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero, sangkan bisa nyangkem kana ma'nana (Moleong, dina Arikunto, 2013, kc. 22).

Patali jeung pamarekan kualitatif, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif-analitik. Lantaran ieu métode dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna baris dianalisis. Henteu ngagunakeun uji hipotésis, teu nyieun prédiksi, jeung henteu nyangking kana ma'na implikasi. Luyu jeung pamarekan Ratna (2013, kc. 53) anu nyebutkeun yén métode déskriptif analisis téh nya éta métode anu digunakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, satuluyna kana tahap nganalisis. Jadi dina métode deskriptif analisis mah, hal anu kudu dilakukeun saméméh nganalisis téh nya éta kudu ngadéskripsikeun heula fakta-fakta nu aya dina objék nu rék dianalisis.


Anapon objék anu baris ditalungtikna nya éta novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana anu medal dina taun 2015. Kalayan ngadéskripsikeun fakta carita (analisis struktural) tina novél *Béntang Hariring*, aspék sosiologi sastra anu ngawengku sosiologi pangarang, sosiologi karya, jeung sosiologi pamaca (analisis sosiologi sastra). Satuluyna hasil analisis dipatalikeun jeung bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta gambaran léngkah tina panalungtikan nu digunakeun. Narbuko jeung Abu A (2009, kc. 57) nétélakeun yén léngkah

panalungtikan nya éta runtuyan prosés panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah, nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Anapon desain dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



1.2 Data jeung Sumber Data


Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu perkara, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumen (*paper*). Dumasar kana éta pedaran, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta data tina keretas atawa dokumén (*paper*), nu digunakeunana nya éta novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana sarta dideudelan ku buku-buku lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

1.2.1 Idéntitas Novél

Anapon data dina ieu panalungtikan, eusi carita sagemblengna nu aya dina novél *Béntang Hariring*. kalayan idéntitas novél nya éta:

Judul	: <i>Béntang Hariring</i>
Pangarang	: Dian Héndrayana
Medal	: Terbitan Munggaran Oktober 2015
Penerbit	: KBS RAWAYAN
Kandel Buku	: 60 kaca

Gambar 3.1

Jilid Novél *Béntang Hariring*

1.2.2 Pangarang

Dian Héndrayana lahir di Subang, 25 Fébruari 1971. Icikibung dina sastra ti keur kuliah di jurusan Bahasa dan Sastra Daerah UNPAD (taun 90-an). Ngagabung dina kelompok Studi Budaya Sunda RAWAYAN, kelompok diskusi sabudeureun sastra katut budaya Sunda.

Aktif nulis dina basa Sunda jeung Indonésia. Dina wangun prosa, karangan Dian mangrupa carpon jeung novél. Carpon-carponna kungsi dilélér Hadiah Sastra LBSS, hadiah pinilih Manglé, Hadiah DK Ardiwinata, jeung hadiah PPSS Disparbud. Salah sahiji carponna dina basa Indonesia Serat Bimbang, dimuat di HU Bandung Pos, anu ditetepkeun ku DKJ jadi sapuluh *cerpen* Indonesia terbaik nu dimuat dina surat kabar sa-Indonesia taun 1999. Lian ti nulis prosa, Dian gé nulis naskah drama, naskah monolog, naskah komik, rumpaka lagu, naskah oratorium, opera, jeung sétra karesmén. Naskah oratoriumna “Hyang Rumingkang” dipagelarkeun dina peutingan Dies Natalis UNPAD taun 1994. Taun 2015 Dian kabiruyungan nampa Hadiah Sastra Rancagé pikeun buku kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi*.

Hinjin Wahidah, 2017

STRUKTUR JEUNG ASPÉK SOSIAL DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HENDRAYANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lian ti aktif nulis, Dian gé aktif di Daya Mahasiswa Sunda, Caraka Sundanologi, Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda, Pangauban Kawih Sunda, Paguyuban Tembang Sunda Cianjuran, Stdiklub Téater Bandung, jeung Dasentra. Kungsi jadi wartawan Métro Bandung (ayeuna Tribun Jabar) taun 2000-2003. Taun 2004 jadi rédaktur berita TVRI. Taun 2005 pindah ka Bandung TV, jadi rédaktur, produser, jeung présénter. Ngarangkep jadi rédaktur di majalah Manglé ti taun 2007. Eureun ti Bandung TV taun 2007, sarta eureun ti Manglé taun 2015. Ayeuna Dian mancén gawé jadi Dosén di Departemén Pendidikan Bahasa Daérah FPBS Universitas Pendidikan Indonesia (Héndrayana, 2015, kc. 60).

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Luyu jeung métode nu digunakeun, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik kajian pustaka jeung wawancara. Téhnik kajian pustaka nya éta kagiatan néangan data atawa informasi tinulis tina buku, dokumén, jurnal, éséy, jeung sajabana anu puguh sumberna sarta bisa dipercaya. Sanggeus aya data, tuluy dipaluruh atawa dikaji pikeun néangan informasi, ku cara maca buku sumber ngeunaan novél *Béntang Hariring* karangan Dian Héndrayana, sangkan nganggeusken pasualan anu aya dina ieu panalungtikan. Dina téhnik ngumpulkeun data, aya sawatara léngkah anu dilakukeun, diantarana nya éta:

- 1 milih data;
- 2 maca novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana;
- 3 nganalisis data ku cara néangan fakta carita jeng aspék sosiologi sastra nu aya dina novél *Béntang Hariring*;
- 4 nyieun instrumén évaluasi pangajaran tina hasil panalungtikan.

3.4 Instrumén Panalungtikan


Arikunto (2013, kc. 262) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data

sangkan leuwih gampang dipigawéna jeung hasilna leuwih hadé. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Pedoman wawancara, dina ieu pedoman diwangun ku runtuyan patalékan anu bakal ditepikeun ka narasumber ngeunaan objék anu ditalungtik, jeung data ngeunaan narasumberna.
2. Kartu Data, anu mangrupa pedoman pikeun ngaidéntifikasi sarta ngelompokkeun data anu aya, jeung ngawilah-wilah data sangkan diasupkeun kana kategorina nepi ka luyu nalika dianalisis leuwih jero, satuluyna dilarapkeun pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di sakola.


Tabél 3.1

Contoh Kartu Data Téma



Tabél 3.2

Contoh Kartu Data Fakta Carita



Tabél 3.3
Contoh Kartu Data Sarana Carita

<p>KARTU DATA Sarana Carita</p> <p>Analisis sarana carita novél <i>Béntang Hariring</i></p> <p>(cutatan sarana novél <i>Béntang Hariring</i>)</p> <p>(kaca)</p>
--

Tabél 3.4
Contoh Kartu Data Sosiologi karya

No	:
Aspék sosiologi karya nu kapanggih	:
Sempalan carita	:
Palaku	:
Kaca	:

3.5 Analisis Data

Analisis data nya éta téhnik ngolah data ku cara ngagunakeun rumus jeung aturan anu saluyu jeung panalungtikan atawa desain nu digunakeun (Arikunto, 2013. kc 281). Ari data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta novél *Béntang Hariring* karya Dian Héndrayana, ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra kalayan ngulik sosiologi pangarang, sosiologi karya, jeung sosiologi nu maca. Sarta néangan sakabéh fakta carita analisis struktural nurutkeun R.

Hinjin Wahidah, 2017

STRUKTUR JEUNG ASPÉK SOSIAL DINA NOVÉL BÉNTANG HARIRING KARYA DIAN HENDRAYANA
 PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Stanton. Nilik kana éta hal, saupama data geus kakumpulkeun, léngkah satuluyna anu kudu dilakukeun nya éta:

- 1) niténan deui data anu geus kakumpulkeun;
- 2) nganalisis aspék sosiologi nu nyampak dina novél *Béntang Hariring*;
- 3) ngainterprétasi jeung nafsirkeun sakabéh data anu nyampak dina novél *Béntang Hariring*;
- 4) ngadéskripsikeun hasil analisis anu dijadikeun alternatif bahan pangajaran;
- 5) nyieun pedaran tina hasil analisis;
- 6) nyieun kacindekan tina aspék sosiologi sastra nu kapanggih jeung bahan pangajaran.